

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEOGRAFI**

Madi, 21 jen 2005—9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan ti liv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj ti liv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan ti liv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy komunikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Direksyon (1–50): Pou chak deklarasyon osnon kesyon, ekri sou fèy repons lan nimewo mo osnon ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

1 Pandan ki peryòd domestikasyon bète ak agrikilti te kòmanse?

- (1) Laj Fè
- (2) Laj Wòch Ansyen
- (3) Revolisyon Neyolitik
- (4) Revolisyon Syantifik

Baze repons ou pou kesyon 2 an sou deklarasyon pi ba yo ak sou konesans syans sosyal ou genyen.

- Tè fètil nan vale ki gen rivyè yo te pèmèt premye sivilizasyon yo devlope ak prospere.
- Nan lane 1500 ak 1600 yo, kontwòl Kanal Malaka a te detèmine kiyès ki te fè komès nan Zile Epis yo.
- Poutèt Japon se yon zile ki gen anpil mòn, moun viv nan rejon ki popilè bò kòt la.

2 Ki konklizyon ki pi byen sipòte deklarasyon sa yo?

- (1) Yo jwenn sant iben prensipal yo sèlman bò rivyè.
 - (2) Jewografi yon nasyon oubyen yon rejon enflryanse developman li.
 - (3) San mòn ak rivyè, moun pa ka devlope yon kilti.
 - (4) Komès ak konkèt dekouraje ekspansyon nouvo ide.
-


3 Ki deklarasyon sou difizyon kiltirèl nan Azi ki pi korèk?

- (1) Machann Bizanten te pote Kòd Jistinyen an nan Chin.
- (2) Lejyon women yo entwodi Krisyanis nan End.
- (3) Mwàn Endyen yo te pote Islam nan Mwayennoryan.
- (4) Ide ak pratik Chinwa yo te pwopaje nan Kore ak Japon.

4 Ki deklarasyon sou sivilizasyon Grèk la ki se yon opinyon olye de yon reyalite?

- (1) Ti gason nan Espat te antrene pou yo vin tounen sòlda.
- (2) Atèn te gen yon pi bon kilti pase Espat.
- (3) Sokrat, Platon, ak Aristòt te filozòf Grèk.
- (4) Anpil granmoun nan Atèn pat gen dwa vote.

Baze repons ou pou kesyon 5 ak 6 sou dyagram pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: *Guide to the Essentials of World History*,
Prentice Hall, 1999 (adapte)


5 Ki ide ki ilistre nan dyagram nan?

- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) Monoryalis | (3) Klas sosyal |
| (2) Apatèd | (4) Enkomŷenda |

6 Ki reliyion oswa sistèm kwayans ki pi asosye ak sistèm klas sosyal ki ilistre nan dyagram nan?

- | | |
|--------------|---------------|
| (1) Endouyis | (3) Katolisis |
| (2) Dawoyis | (4) Animis |
-

Baze repons ou pou késyon 7 sou kat pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: Aramco World, Me/Jen, 1999 (adapte)

7 Teknoloji fè papye sot nan Chin al Bagdad sou wout

- | | |
|-------------------------------|-------------------|
| (1) Chemen karavàn Saryèn yo | (3) Chemen Swa yo |
| (2) Chemennfè Transiberyen an | (4) Kanal Swèz |
-

8 "...Kite wa a ak minis li yo travay ak yon senpati pataje, kap di, 'Nou resevwa lòd selès e l'ap gran tankou ane lontan k'ap kontinye nan Zya yo; wi, li pap echwe ane lontan k'ap kontinye nan Yin yo.' Mwen swete wa a, atravè afeksyon li gen pou pèp la, resevwa lòd selès kontinyèl la...."

— Clae Waltham, ed., *Shu Ching, Book of History*, Konpayi Henry Regnery

Ki ide ki mensyone nan pasaj sa a?

- | | |
|------------------------|-----------------|
| (1) Sik dinastik | (3) Dwa natirèl |
| (2) Sosyete matriyakal | (4) Monoteiyis |

9 Tèm reliyion *Four Noble Truths*, *Eightfold Path*, ak *nirvana* pi asosye ak

- | | |
|-------------|---------------|
| (1) Jidayis | (3) Chentoyis |
| (2) Islam | (4) Budis |


10 Yo te rekonèt laj dò kilti mizilman an plis pou

- | |
|--|
| (1) Esè li te fè pou kolonize Amerik di Nò |
| (2) Batay abityèl ant Kretyen ak Jwif |
| (3) Avans an matematik, syans ak medsin |
| (4) Règ pou diminye komès ant Mwayennoryan ak Chin |

11 Revolisyon Komèsyal la te ede mennen a Revolisyon Endistriyèl la paske pandan Revolisyon Komèsyal la

- | |
|--|
| (1) Yo te etabli sistèm echanj lan |
| (2) Yo te devlope nouvo fòm biznis |
| (3) Yo te prezante sosyalis nan Ewòp |
| (4) Yo te ankourage agrikilti sibsistans |

Baze repons ou pou késyon 12 sou kat pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: John K. Fairbank, *China: A New History*, Harvard University Press, 1992

12 Ki deklarasyon sou Mongòl yo enfòmasyon nan kat la sipòte?

- (1) Dinasti Yan te kenbe Chin izole kont enfliyans eksteryè.
- (2) Pi plis nan Chinwa yo te viv nan vale ki gen rivyè yo.
- (3) Kublai Khan ak Genghis Khan te etann enfliyans Mongòl la nan lòt pati nan Azi.
- (4) Vil Samakkhan te fè pati Anpi Yuan

13 Ki sa pawòl Makyavèl sa a vle di "fen an jistifye mwayen yo"?

- (1) Dirijan mèt itilize nenpòt metòd pou fè sa ki pi bon pou eta a.
- (2) Piblik la toujou aji nan enterè pa yo.
- (3) Li posib pou fè tout moun plezi a nenpòt ki lè.
- (4) Lidè yo dwe toujou aji lan enterè tout moun.

14 Venis nan Ewòp, Mogadichu nan Afrik, ak Kanton nan Chin te parèt pandan trèzyèm syèk la prensipalman kòm sant enpòtan pou

- | | |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none"> (1) Agrikilti (2) Komès | <ol style="list-style-type: none"> (3) Manifakti (4) Travay lan min |
|--|---|

15 Ki sa ki te yon enfliyans gouvènman Mongòl la sou istwa Risi?

- (1) Kontak ak wayòm yo nan Ewòp oksidental la ogmante.
- (2) Yo te prezante epi adopte sistèm ekriti Chinwa.
- (3) Pifò nan Ris yo te konvèti sot nan Kretyènte ôtodòks al nan Islam.
- (4) Dirijan ris yo te adopte ide kontwole lanpi an ak fòs e pouvwa santralize.

16 • Yo rekonèt Timbouktou kòm yon gran sant pou aprantisaj ak komès.
• Mi Gran Zimbabwe yo montre se yon sisyete ki te rich epi ki te pisan.
• Kilti konpleks pwodi skilpti an kwiv nan Benen.

Ki generalizasyon ki ka fèt baze sou deklarasyon sa yo?

- (1) Kwayans relije te eleman ki te pi enpòtan nan anpil sisyete Afriken.
- (2) Kék sisyete Afriken te atenn yon nivo ekonomik ak yon devlopman kiltirèl ki te wo.
- (3) Sisyete Afrik nan Nò yo te pi avanse pase sisyete Afrik nan Sid yo.
- (4) Pifò nan sisyete Afriken yo te deyè sisyete Azyatik yo de plizyè santèn lane nan itilizasyon teknoloji.

17 Rezon prensipal Pòtigal ak Espay te etabli wout dlo yo ki mennen al nan mache epis Azi yo se te pou


- (1) Eseye nouvo teknoloji tankou astwolab ak seskstan
- (2) Bay navigatè yo, katograf yo, ak chapantye bato yo, anpil travay
- (3) Evite wout sou latè yo ki te anba kontwòl machann Mizilman yo
- (4) Dekouvri nouvo kontinan, plant, ak bèt

18 Yo kapab dekri Magna Kata a tankou yon

- (1) Jounal sou sisyete feodal Anglè
- (2) Lis dwa feodal ki limite pouvwa monachi Anglè a
- (3) Resansman tout noblès nan Angletè feodal ki t'ap peye taks
- (4) Deklarasyon grèf klas mwayèn nan Angletè

Baze repos ou pou kesyon 19 sou kat pi ba a ak konesans syans sosyal ou genyen.





Macchu Picchu: Vil Kache



19 Ki konklyzion sou vil Enka Macchu Picchu a ki ka fèt baze sou kat sa a?

- (1) Yo pat pèmèt aktivite relije nan vil sa a.
- (2) Vil la te yon sit seremonyal, pa yon plas pou etablisman pèmanan.
- (3) Planifikasyon kominote ak yon fason viv òganize pat evidan nan vil sa a.
- (4) Vil la te gen yon gouvènman ak lwa, dirijan, ak yon fòs militè.

- 20 Ki dyagram ki montre yerachi sosyal kòrèk ki te genyen lan anpi kolonyal Espay nan Emisfè Oksidental la?



- 21 Filozòf nan peryòd Syèk Limyè yo te kwè sosyete tap ka amelyore si yo te

- (1) Konte sou lafwa ak dwa diven
- (2) Prete ide nan men ansyen Grès ak Wòm
- (3) Aplike rezon ak lwa lanati
- (4) Etidye pratik dirijan ki te gen siksè


- 22 Ki karakteristik jewografik ki te fè inite Amerik di Sid la difisil?

- (1) Mòn Lèzand yo
- (2) Detwa Majelan an
- (3) Gòf Meksik la
- (4) Panpa Ajantinyen yo

- 23 Ekonomis lesefè 19èm syèk yo te debat ke

- (1) Gouvènman an ta sipoze reglemante ekonomi an ak komès etranje
- (2) Yo ta sipoze kite moun chèche enterè pèsonèl yo nan yon mache lib
- (3) Gouvènman yo ta sipoze devlope yon sistèm bankè leta dirije pou anpeche enstabilite
- (4) Si yo te bay gason sèlman sifraj inivèsèl, t ap gen anachi.

Baze repons ou pou késyon 24 la sou kat pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: Beers, *World History: Patterns of Civilization*, 1983 (adapte)

- 24 Ki konklizyon enfòmasyon sou kat sa a pi byen sipòte?


- (1) Resous natirèl Angletè te facilite kwasans vil endistryèl yo.
- (2) Nan 1830, Angletè te gen yon balans komèsyal defavorab.
- (3) Pwosperite Grann Bretay te inifye moun yo.
- (4) Moun te emigre sot Grann Bretay poutèt polisyon.

- 25 Ki bò Karl Marx te prevwa yon revolisyon pwoletarya t'ap rive an premye?

- (1) Ewòp endistryèl
- (2) Amerik Latin endependan
- (3) Afrik kolonyal
- (4) Risi agrikiltirèl

- 26 Ki deklarasyon ki pi byen eksprime opinyon peyi oksidental yo konsènan pawòl Rudyard Kipling la "chay moun blan"?
- (1) Ewopeyen ta sipoze konsève kilti tradisyonèl Afrik ak Azi.
 - (2) Fòk Ewopeyen pwoteje ekonomi Afriken ak Azyatik ki ekziste deja yo.
 - (3) Ewopeyen soufri gran eprèv nan eksplorasyon nouvo wout komès ki ale Azi.
 - (4) Ewopeyen te gen yon obligasyon pou entwodi benefis sivilizasyon yo bay moun ki pat Ewopeyen.

Baze repons ou pou kesyon 27 la sou dyagram pi ba a ak konesans syans sosyal ou genyen.



- 27 Ki fraz ki konplete dyagram sa kòrèkteman?
- (1) Ekspòtasyon te Chinwa ann Ewòp
 - (2) Ekstansyon prensip Konfisys yo
 - (3) Fayit Rebelyon Boksè a
 - (4) Pouvwa Mao Zedong tap agrandi
-

- 28 Mouvman jounalis Theodor Herzl te kòmanse a pou pwomouwva yon eta Jif endepandan nan Palestin te rele
- | | |
|----------------|---------------|
| (1) Rekonkista | (3) Itopyanis |
| (2) Dyaspora | (4) Syonis |

- 29 Siksè mouvman sifraj fanm nan Ewòp pandan 20èm syèk la te yon rezulta an pati de fanm
- (1) Ki te nan gwo dyòb politik
 - (2) Ki t'ap travay nan faktori pandan Premye Gè Mondyal la
 - (3) Yo te ankouraje pou genyen fanmi laj
 - (4) Ki te batay nan lame pandan Premye Gè Mondyal la

30 ". . . Yon reglaj tout demann kolonyal yo ki lib, fleksib, ak jis, baze sou obzèvans sevè prensip lan k'ap detèmine tout kesyon souvrènte sa yo, enterè popilasyon ki konsène an sipoze genyen pwa egal avèk demann ekitab gouvènman an k'ap gen yon tit detèmine pou li. . . ."

— Katòz Pwen Prezidan Woodrow Wilson,

1918

Nasyonalis nan rejon anba kontwòl kolonyalis te renmen deklarasyon sa a paske li te sigjere

- (1) Otonomi nasyonal
- (2) Developman ekonomik
- (3) Yon sistèm alyans
- (4) Pwoteksyon kont teworis

- 31 Nan ane 1920 ak 1930 yo, Mustafa Kemal Atatürk te chanje gouvènman Tik la lè li te
- (1) Entwodi refòm demokratik
 - (2) Ogmante pouwva siltan an
 - (3) Sipòte absolutis
 - (4) Enkòpore ansèyman relije nan lwa sivil


- 32 Dirijan fasis nan Itali ak Almay te vin sou pouwva nan ane 1920 ak 1930 yo paske yo te
- (1) Sipòte Lig Nasyon an
 - (2) Eksplwate eprèv ekonomik pou yo te gen sipò popilasyon an
 - (3) Reziste tout fòm nasyonalis ekstrèm
 - (4) Kenbe tradisyon politik

- 33 Kouman jeografi te afekte anvayisman Napoleon ak anvayisman Hitler nan Risi?
- (1) Dezè yo te fè anvayisman posib.
 - (2) Klima a te kreye obstak ki te anpeche siksè.
 - (3) Toundra a te pèmèt mouvman twoup yo.
 - (4) Pò ki te gen dlo tyèd te anpeche sikilasyon ekipman yo.

- 34 Masak Amenyen an, Olokòs, ak Vyòl Nankin nan se egzanp
- (1) Politik apèzman yo
 - (2) Mouvman rezistans
 - (3) Efo Risifikasyon
 - (4) Vyolasyon dwa moun

- 35 Pandan mouvman endepandans Endyen an, anpil Mizilman nan End te mande yon eta Pakistan separe pou yo
- Te rete anba kontwòl Britanik
 - Anpeche anvayisman Afganistan ak Chin nan tan fiti
 - Esprime enkyetid sou sitiyasyon yo kòm yon minorite relijye
 - Pwoteje rivyè sakre yo, Endis ak Ganj

Baze repons ou pou kesyon 36 sou tenb pi ba a ak konesans syans sosyal ou genyen.



- 36 Yo te pibliye tenb komemoratif sa a 50 an apre Plan Machal la. Yo te onore George Marshall paske li te
- Ensiste Almay ak lòt pisans aks yo peye poutèt yo te kòmanse Dezyèm Gè Mondyal la
 - Pwopoze èd ekonomik pou Etazini bay pou rekonstwi ekonomi nasyon Ewopeyen yo
 - Fòme Inyon Ewopeyèn yan pou Ewòp Oksidental te ka rekonstwi ekonomi li
 - Ankouraje nasyon Ewopeyen Oksidental yo pou aksepte èd nan men Inyon Sovyetik
-

- 37 Sa ki te yon kòz prensipal pou gè sivil nan anpil nasyon Amerik Santral yo nan ane 1970 yo ak ane 1980 yo?
- Diferans ekonomik ant klas sosyal
 - Fen esklavaj nan sistèm enkomyenda a
 - Refòm ekonomik rapid
 - Règ sou pwodiksyon lwil

- 38 Yon jan Lech Walesa, Mikhail Gorbachev ak Nelson Mandela gen similarite se ke yo chak
- Te mennen pèp yo tounen yon gouvènman demokratik
 - Batay pou pouvwa pou majorite nwa sou minorite blan
 - Travay pou fini kominis nan peyi li
 - Refize patisipe nan Nasyon Zini

- 39 • Kreyasyon OTAN (Organizasyon Trete Atlantik di Nò) ak Pak Vasovi a
• Konstriksyon Mi Bèlen an
• Kriz Misil nan Kiba

Evènman sa yo pi asosye ak

- Premye Gè Mondyal
- Dezyèm Gè Mondyal
- Gèfwad
- Lagè Gòlf Pèsik


- 40 Aktivite Mè Teresa yo pi asosye ak
- Demokrasi ak libète
 - Endistriyalizasyon ak mache lib
 - Nasyonalis ak mouvman endepandans
 - Bezwen pòv ak swen sante

- 41 • Chènobil fè eksperyans dezas atomik.
• Kabòn klowofliyowo (CFC) yo efase kouch ozòn nan.
• Rivyè ak lanmè kontamine toupatou nan lemonn.

Ki konklyzon ki fonde sou deklarasyon sa yo ki fè plis sans?

- Teknoloji modèn ka gen yon efè negatif serye.
- Enviwonman jodi a renouve tèt li.
- Se sèlman nasyon kap devlope ki gen pwoblèm anviwònman.
- Anpil pwoblèm anviwònman te kòmanse an Ewòp.

Baze repons ou pou kesyon 42 sou desen pi ba a ak konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: Steve Sack, *Minneapolis Star and Tribune*, 1983

42 Ki ide prensipal desen politik sa a?

- (1) Se sèlman Etazini ak Afrik ki afekte ak famin.
 - (2) Polisyon se souvan lakòz famin.
 - (3) Gouvènman Afrik yo endiferan ak famin pèp yo.
 - (4) Li sou sijè famin diferan ak fè eksperyans li.
-

43 Yon jan Ayotollah Khomeini ann Iran ak Taliban ann Afganistan sanble se ke yo chak te

- (1) Etabli yon eta Islamik
- (2) Sponsorize yon Konferans Nasyon Zini sou Dwa Fanm
- (3) Vin fè pati Òganizasyon Peyi Ekspòtasyon Petwòl (OPEC)
- (4) Enkòpore doktrin kominis nan gouvènman yo

44 Ki faktè ki pi responsab pou enpòtans entènasyonal Mwayennoryan an?

- (1) Refòm politik ak refòm sosyal ki inovatif
- (2) Zam teknoloji siperyè
- (3) Resous natirèl enpòtan nan yon rejyon stratejik
- (4) Developman syantifik ak developman endistriyèl ki avanse

45 “ . . . Yon kote ki pi manke bagay enteresan pase Manchestè, se pa fasil pou imajine. Nan gwosè ak popilasyon se dezyèm vil nan wayòm nan, li gen plis pase 80.000 abitan. Imajine foul sa a kole ansanm nan lari etwat yo, kay yo tout bati ak brik e yo nwasi ak lafimen; biling komen yo nan mitan yo laj tankou kouvan, san antikite yo, san bote yo, san kote sakre yo; kote ou tandem depa anndan, lè wap pase, bri aparèy tout tan; e lè klòch la sonnen se pou rele moun pòv yo vin fè travay yo olye y'al fè priyè yo . . . ”

— Robert J. Southey, *Letters from England*, 1807

Kondisyon ki dekri nan pasaj sa a te fèt pandan

- (1) Laj Dekouvèt
- (2) Renesans
- (3) Revolisyon Endistriyèl
- (4) Revolisyon Vèt

46 Ki tit ki pi byen konplete pwofil pi ba a?

- | | |
|---|--|
| I. _____ | |
| A. Konstantinòp tonbe | |
| B. Vwayaj Kolon | |
| C. Afichaj Katrevèn Kenz Tèz Martin Luther | |
| D. Dekonpozisyon kominis nan Inyon Sovyetik | |

(1) Enpòtans Revolisyon


(2) Gè ak Revolisyon

(3) Pwen Tounan nan Listwa

(4) Efè Chanjman Ekonomik

Baze repos ou pou késyon 47 sou kat pi ba a ak konesans syans sosyal ou genyen.

Wout Komès Atlantik



Sous: Goldberg and DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice Hall, 2004 (adapte)

47 Wout sou kat la reflete komès Atlantik la pandan

- | | |
|-------------------|-------------------------|
| (1) Peryòd Elenik | (3) Kòmansman Mwayennaj |
| (2) Anpi Women | (4) Laj Mèkantilis |
-

48 Yon eleman komen nan mouvman pou inifikasiyon Almay, inifikasiyon Itali, ak endepandans Endyen se te

- (1) Sipò Legliz Katolik la
- (2) Fòs dirijan nasyonal yo
- (3) Medyasyon Lig Nasyon an
- (4) Ekzistans enstitisyon demokratik yo

49 Ki dirijan ki te pi asosye ak itilizasyon dezobeyisans civil nan yon batay pou fini ak otorite kolonyal?

- (1) Momar Khadafi
 - (2) Saddam Hussein
 - (3) Ho Chi Minh
 - (4) Mohandas Gandhi
-

50 Yon similarite ant Rèy Laterè pandan Revolisyon Fransè ya ak Revolisyon Kiltirèl nan Chin se te ke yo chak

- (1) Te limite pouwwa dirijan absoli yo
- (2) Ilistre pouwwa opinyon publik nan fòmasyon lwa nasyonal
- (3) Etabli stabilité sosyal ak kwasans ekonomik
- (4) Itilize metòd vyolans pou eliminate opozisyon yo

Se pou ou ekri repons kesyon redaksyon yo nan livrè redaksyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati II, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “ilistre yon bagay ak mo ou byen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraph ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Entèdepandans [Sijè Global]

Toupatou nan listwa, sijè global poze anpil difikilte pou nasyon ak rejyon.

Tach:

Chwazi **de** sijè global diferan e pou **chak**

- Dekri **yon sèl** kòz prensipal sijè global la
- Diskite **yon sèl** efè sijè global la genyen sou yon nasyon ou rejyon espesifik

Ou kapab itilize nenpòt pwòblem global nan etid istwa jeneral ou konnen. Kèk ide ou ta ka vle konsidere se polisyon enwiwònmantal, dezètifikasyon, debwazman, sipopilasyon, refijye, ekstansyon maladi, trafik dwòg, ak konfli etnik.

Ou pa limite a ide sa yo sèlman.

Pa dekri pwoblèm lan Etazini kwake diskisyon konsekans sijè global la ta ka genyen Etazini ladann.

Direktiv:

Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè travay la
- Sipòte tèm lan ak reyalite, egzanp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan.

Nan devlopman repons ou pou Pati III, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpanye li yo. Yo fè li pou teste abilité ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revize pou kesyon an menm. Pandan w'ap analize dokiman yo, panse a sous chak dokiman ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, gen anpil rezon diferan ki fè lagè eklate. Lagè sa yo gen rezulta ki te previ ak rezulta ki pat previ.

Tach: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans istwa jeneral ou genyen pou, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou bay pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B an kote y'ap mande ou

- Diskite rezon ekonomik, sosyal, ***eloubyen*** politik ki fè lagè eklate.
- Diskite rezulta ki te previ **ak** rezulta ki pat previ nan lagè.

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Direksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

...Byenke gran pres yo te gen tandans rete distan, chevalye oksidental yo te reponn tou pare lè apèl lagè sent lan. Motif yo te an pati vrèman reliye. Yo te wont ke yo t'ap kontinye batay ant yo menm; yo te bezwen batay pou Kwa a. Men te genyen yon anvi tè tou, spesyalman nan Nò Frans, kote pratik primojeniti a [premye gason an eritye tout byen] te etabli. Lè yon mèt t'ap vin pa vle divize pwopriyete li ak ofis li, ki t'ap kòmanse konsantre ozalantou yon chato bati ak wòch, pipiti ptit gason yo te oblige al chèche richès lòt kote. Te genyen yon empasyans ak yon anvi avanti jeneralman nan klas chevalrès la an Frans, ki te pi vizib pamì Nòman yo, ki te sèlman kèk jenerasyon lwen pirat nomad yo. Opòtinite pou mete ansanm devwa Kretyen ak akizisyon tè nan yon klima sou bò sid te gen am pil avantaj. Legliz te gen rezon pou li te kontan ak pwogrè mouvman an. Èske sa pa ta ka aplike nan fwontyè oryantal Kretyènte tou?...

Sous: Steven Runciman, *A History of the Crusades*, Cambridge University Press, 1951

- 1 Selon dokiman sa a, bay **yon sèl** rezon chevalye ak sòlda Ewopeyen yo t'al jwenn Kwazad yo. [1]
-
-

Score

Dokiman 2

... Yon rezulta Kwazad yo ki pozitif e ke pèsonn pa dispute se te yon gwo konesans jeografi peyi oksidan yo te vin genyen. Lè yon pil gwo batayon anvayisè ki soti tout kote nan Ewòp te vini, vwal “Ès misterye” a te disparèt pou tout bon...

Konstriktè Arab yo te aprann anpil sou masonri militè nan men Kwaze yo ki te pote konesans sa soti Nòmandi ak Itali. Pandan yo t’ap bati Sitadel Kayiwo ki renome a, Saladin te pran kèk karakteristik chato Kwaze li te obsève anwo ak anba Levan [tè Mediteraneyen Oryantal] yo. Apre, lè gwo katedral Ewòp yo te kòmanse bati, konstriktè yo te enstale fenèt vitray ki fêt ak yon teknik ki te kòmanse ak Fenisyen Siri yo e ke Arab Siryen yo te bay Ewopeyen yo ki tap viv nan Lès...

Dapre yon opinyon strikman militè, Kwazad yo ta dwe konsidere tankou yon fayit pou Oksidan an, paske, apre tout chanjman sa yo, teritwa ki konstitye Wayòm Kretyen Jerizalèm nan te retounen bay Mizilman yo pou debon. Men pandan batay ki dire de syèk sa a ant Oryan ak Oksidan, li klè ke chak bò te fè anpil kontribisyon nan kilti lòt la. Gwo echanj sa a te kite kèk reyon limyè tonbe sou yon Ewòp nwasi, e te retire pou debon mi inyorans ki te toujou egziste ant Ewòp ak Azi...

Sous: “Legacy of the Crusades,” Aramco World, VII, May 1956

- 2a Selon dokiman sa a, sa ki te **yon** rezulta positif, ki pat previ nan Kwazad yo sou sivilizasyon Oksidental? [1]
-

Score


- b Selon dokiman sa a, sa ki te **yon** rezulta positif, ki pat prevwa nan Kwazad yo sou sivilizasyon Mizilman an? [1]
-

Score

- c Dapre dokiman sa a, bay **yon** rezon ki fè Oksidan an pa t kontant rezulta Kwazad yo. [1]
-

Score

Dokiman 3



Sous: Kime and Stich, *Global History and Geography STARReview*, N & N, 2003

- 3 Selon dyagram sa a, sa ki te **de** rezon pou Premyè Gè Mondyal? [1]

(1) _____

(2) _____

Score

Dokiman 4

Atik Seleksyon ki sot nan Trete Vèsay (28 Jen, 1919)

- | | |
|-----------|---|
| Atik 45: | Kòm konpansasyon pou destriksyon min chabon yo nan Nò Frans e kòm pèyman an pati pou reparasyon total Almay ap bay pou domaj li te kreye pandan lagè a, Almay bay Frans posesyon konplè ak absoli min chabon ki nan Basen Saar la, ak dwa eksklizif pou eksplwatasyon, frankil ak san dèt ak frè okenn sòt... |
| Atik 119: | Almay renonse tout dwa ak tit li genyen sou posesyon li gen lòtbò lanmè an favè Pouwwa Prensipal Alye ak Asosye yo... |
| Atik 231: | Gouvènman Alye ak Asosye yo rekonèt e Almay aksepte responsabilite Almay ak alye li yo pou tout pèt ak domaj [pou Premyè Gè Mondyal] ki te afekte Gouvènman Alye ak Asosye yo ak sitwayen yo lan lagè Almay ak alye li yo te enpoze sou yo ... |

Sous: Trete Vèsay

4a Selon dokiman sa a, kouman Frans te rekonpanse pou pèt li te sibi pandan Premyè Gè Mondyal la? [1]

Score

b Selon dokiman sa a, sa ki te yon konsekans Premyè Gè Mondyal pou Almay? [1]

Score

Dokiman 5

...Moun etabli fwontyè leta e moun ka chanje yo.

Lefèt ke yon nasyon akeri yon rejjyon territoryal ki imans pa yon rezon pou li kenbe teritwa sa a pèpetyèlman [etènèlman]. Anplis, posesyon yon tèl teritwa se prèv fòs konkeran an ak feblès moun ki soumèt tèt yo ba li. E se nan fòs sa a sèlman dwa posesyon an egziste. Si pèp alman an oblige ap viv lan yon rejjyon territoryal enposib e poutèt sa li gen yon avni mizerab devan li, se pa Destine ki fè sa, e refi pou aksepte yon sitiyasyon konsa pa yon vyolasyon lwa Destine yo nan okenn ka. Paske menm jan pa gen Pouwwa Pi Wo ki pwomèt plis teritwa pou lòt nasyon otke Alman yo, yo pa ka blame li pou distribisyon enjis tè ya. Tè nou viv sou li kounye a pat yon kado Syèl la te bay zansèt nou yo. Men yo te oblige al riske lavi yo pou yo te pran li. Se menm jan an, alavni yo pap bay pèp nou an yon teritwa ak mwayen pou li egziste, kòm yon favè, men pèp nou an ap oblige pran li ak fòs kouray zam li...

Sous: Adolf Hitler, *Mein Kampf*, Hurst and Blackett Ltd.

- 5 Selon dokiman sa a, ki sa ki te **yon sèl** rezon Adolf Hitler te santi lagè te nesesè? [1]

Score

Dokiman 6

Konferans Yalta pou chèf Gouvènman Etazini Damerik yo, Wayòm Ini, ak Inyon Repiblik Sosyalis Sovyetik yo ki te fèt 4-11 Fevriye, 1945 te etabli konklizyon sa yo.

DEKLARASYON SOU EWÒP LIBERE

...Fòk Etablisman lòd nan Ewòp ak rebatisman yon vi ekonomik nasyonal fèt ak pwosè kap pèmèt pèp libere yo kraze dènye rès Nazis ak Fachis e kreye enstitisyon demokratik yo menm chwazi. Sa se yon prensip **Dokiman Atlantik** la – dwa tout moun pou chwazi anba ki fòm gouvènman yo vle viv—restorasyon dwa siprèm ak otonomi pou moun ke nasyon agresif yo te retire sa nan men yo ak fòs....

POLÒY

...Yon nouvo sitiyasyon vin fèt nan Polòy ki se rezulta liberasyon konplè Lame Wouj la te fè pou li. Sa mande pou kreyasyon yon Gouvènman Pwovizwa Polonè ki kapab gen yon baz pi laj pase jan li te ye a anvan liberasyon resant pati oksidental Polòy lan. Gouvènman Pwovizwa k'ap fonksyone nan Polòy kounye an ta donk sipoze reyòganize sou yon baz demokratik ki pi laj ak enklizyon dirijan demokratik ki sot nan Polòy e menm ak Polonè aletranje. Alò yo ta sipoze rele nouvo Gouvènman sa a Gouvènman Pwovizwa Polonè pou Inite Nasyonal....

Sous: *Protocol of the Proceedings of the Crimea (Yalta) Conference, Fevriye, 1945 (adapte)*

- 6 Selon Konferans Yalta a, bay **de** jan yo tap tann Ewòp chanje alaswit Dezyèm Gè Mondyal la. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

...Objektif nou nan Gòlf Pèsik la klè, entansyon nou defini e moun konnen li:

- Fòk Irak soti nan Kowet konplètman, imedyatman e san kondisyon.
- Fòk gouvènman lejitim Kowet la restore.
- Fòk sekirite ak stabilité Gòlf Pèsik la asire.
- Fòk sitwayen Ameriken aletranje gen pwoteksyon.

Entansyon sa yo pa sèlman entansyon pa nou. Konsèy Sekirite Nasyonzini an te sipòte li 5 fwa nan otan semèn. Pi fò peyi yo pataje enkyetid nou genyen pou prensip. E anpil gen yon enterè nan stabilité Gòlf Pèsik la. Sa se pa, jan Saddam Hussein ta renmen li, Etazini kont Irak. Se Irak kont lemonn....

Sous: Diskou Prezidan George H. W. Bush, 1990

- 7 Selon dokiman sa a, ki sa ki te **de** (2) rezon ki te preyokipe Prezidan George H. W. Bush konsènan rejyon Gòlf Pèsik la nan ane 1990? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8

Tout pandan ane 1990 yo ak anvan Etazini te ale nan lagè ak Irak nan ane 2003, gen moun ki te konsène ak yon seri zak san rete Irak ak Saddam Hussein t ap fè.



Sous: Jimmy Margulies, *The Record*, 1998 (adapte)

- 8 Baze sou desen sa a ki te fèt an 1998, ki sa ki te **yon** rezulta Lagè Gòlf Pèsik la moun pat prevwa? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen senk* dokiman nan redaksyon an. Sipòte repons ou an ak reyalite, egzamp ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon siplemantè ki soti lan lòt dokiman.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, gen anpil rezon diferan ki fè lagè eklate. Lagè sa yo mennen rezulta ki te previ ak rezulta ki pat previ.

Tach: Itilize enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans istwa global ou genyen, pou ekri yon redaksyon kote w'ap

- Diskite rezon ekonomik, sosyal, *e/oubyen* politik ki fè lagè eklate.
- Diskite rezulta ki te previ **ak** rezulta ki pat previ nan lagè.

Direktiv:

Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè travay la
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen senk* dokiman
- Mete enfòmasyon enpòtan ki eksteryè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzamp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan.

ISTWA JENERAL AK JEOGRAFI

Madi, 21 jen 2005—9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

G/F : Fi

Non Elèv la	1.....	26
Non Pwofesè a	2.....	27
Non Lekòl la	3.....	28
	4.....	29
	5.....	30
	6.....	31
	7.....	32
	8.....	33
	9.....	34
	10.....	35
	11.....	36
	12.....	37
	13.....	38
	14.....	39
	15.....	40
	16.....	41
	17.....	42
	18.....	43
	19.....	44
	20.....	45
	21.....	46
	22.....	47
	23.....	48
	24.....	49
	25.....	50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

**Final Score
(obtained from conversion chart)**

No. _____
Right _____

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, lan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

REGENTS IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY